

OU DWE KONN DWA W: FASON POU REPONN DOKIMAN SEZI

Fich ransèyman sa a eksplike kijan pou defann ou nan ka yon sezi, kijan pou depoze yon demann pou reponn ak yon sezi, ak pwosesis konferans règleman.

Lè yo pousuiv ou nan yon ka sezi, ou gen yon ti kras tan devan w pou di tribunal la ak bank lan ke ou gen mwayen pou defann ou kont sezi a. Si w pa reponn alekri, bank lan ka genyen ka a san ou pa gentan defann ou. Ekri a rele yon **REPONS**.

OU GEN 2 CHANS POU REPONN:

- Ou dwe reponn nan lespas **20 jou** ke ou resevwa dosye sezi yo si yo te remèt ou dokiman yo anpèsòn. Ou dwe reponn nan lespas 30 jou ke ou resevwa dosye sezi yo si yo te voye dokiman yo pa imèl pou ou.
- Ou gen yon dezyèm chans pou reponn nan lespas **30 jou** apati de dat premye *konferans règleman* w lan. Yon *konferans règleman* se yon reyinyon ki fèt nan palè jistis la ant oumenm ak kèlkeswa moun k ap pousuiv ou pou sezi a. Tribunal la ta dwe voye yon lèt ba ou ki di w pou ki dat sa planifye. Gen plis enfòmasyon sou *konferans sezi* yo anba a
- Ou dwe ni defann Ni depoze yon repons.

KISA K AP RIVE SI MWEN PA REPONN?

- Si ou pa **reponn** plent pou sezi a, tribunal la p ap ka konsidere okenn defans ou ta ka genyen pou sezi a. *Defans* se teyori oswa motif legal pou konteste reklamasyon ki fèt kont ou nan plent yon pretè daprè sa lalwa di e daprè sa fè yo montre.
- Pa egzanp, si bank lan di ke ou te sispann peye prè ipotèk ou a nan mwa janvye 2019, men ou gen prèv ki montre ke ou te peye prè ipotèk ou a jiska mwa janvye 2020, alèkile sa ka yon defans.
- Pakont, amwenske ou **reponn** reklamasyon sezi an atan, ou p ap ka itilize *defans* sa a pou pwoteje tèt ou nan ka sezi a.



917-661-4500

Legal Services NYC | 40 Worth Street, Suite 606, New York | legalservicesnyc.org

* Enfòmasyon ki nan fich ransèyman sa a pa reprezante yon konsèy jiridik.

KIJAN POU MWEN DEPOZE YON REPOSNS?

- Pi bon fason pou defann ak depoze yon **repons** se pou chèche jwenn asistans jiridik gratis. Menm si yon founisè sèvis jiridik pa ka pran ka w la anchaj sou tout fòm, yo ka anmezi pou yo ede w prepare yon repons. Rele nan nimewo ki anba.

KISA YON KONFERANS RÈGLEMAN YE?

- Yon *konferans règleman* se yon reyinyon ki fèt nan palè jistis la ant oumenm ak avoka pati k ap pousuiv ou pou sezi a. Gen yon medyatè ki la pou kowòdone reyinyon an e ki gen pouvwa pou li oryante chak pati pou yo regle sèten detay nan yon sèten tan; medyatè a asire l tou ke toulède pati yo suiv règleman tribinal la ak lalwa.
- Reyinyon an fèt nan objektif pou yo wè si ou ka regle ka a nan yon fason kèlkonk. Anjeneral, yon règleman ap enplike kèk modifikasyon nan prè a oswa yon pèman inik pou kouvrir pèman mansyèl ki pat fèt yo. Pafwa, si yon pwopriyetè kay vle demenaje, règleman an ka enplike pou li vann kay la volontèman.
- Si w pa prezante nan yon *konferans règleman* ki planifye, ka sezi a ka pase pi rapid nan pwochen etap pwosesis sezi a epi ou gen plis risk pou pèdi kay ou a. Li enpòtan pou ale nan premye konferans règleman w lan.

RELE NOU POU JWENN ÈD!

- Sèvis Jiridik Vil Nouyòk (Legal Services NYC) asiste pwopriyetè kay yo ak repons, reprezantasyon jiridik ak lòt sèvis pou anpeche yo pèdi kay yo. Rele nou nan nimewo ki anba.



917-661-4500

Legal Services NYC | 40 Worth Street, Suite 606, New York | legalservicesnyc.org

* Enfòmasyon ki nan fich ransèyman sa a pa reprezante yon konsèy jiridik.